ISSN: 3060-4737 Volume 3, Issue 01 IF(Impact Factor) 10.98 / 2025

# QARAQALPAQ TERMELERINDE TEŃEWLERDIŃ QOLLANÍLÍWÍ

***Xojamuratova Malika*** *- QMU, lingvistika (qaraqalpaq tili) qánigeligi 1-basqısh magistrantı*

Folklorlıq shıǵarmalardıń tili shın mánisindegi xalıqlıq til bolıp esaplanadı. Óytkeni, onda xalıq turmısı aynadaǵı sáwlesi kibi óz kórinisin tabadı. Hárbir xalıqtıń awızeki dóretpeleri búgingi nurlı keleshekke deyin birneshe ásirlerdi artqa qaldırıp, uzaq hám qıyın-kesti jollardan asıp keledi. Sonday dóretpelerdıń biri – bul termeler.

Turmıs tájiriybelerinen toplanǵan aqıl-násiyat mazmunındaǵı, didaktikalıq qatarlarǵa qurılǵan xalıq poeziyasınıń ózine tán bir poetikalıq úlgisi termeler bolıp esaplanadı. Termeler – túrkiy tilles xalıqlardıń awız ádebiyatında erteden qáliplesken janrlardıń biri. Tiliniń kórkemligi, óziniń mazmunlıq-qurılıslıq ayrıqshalıqları, jıraw-baqsılar tárepinen atqarılıw ózgesheliklerine iye. Qaraqalpaq xalqınıń erteden kiyatırǵan dástúri boyınsha termeler xalıq jıynalǵan orınlardan dástanǵa túspesten aldın qobız arqalı jırawlar tárepinen atqarılǵan [1,43].

Termeler hám tolǵawlar boyınsha B.Yusupova [1] óziniń "Paremiologiya" miynetinde termeler haqqında maǵlıwmatlar keltirip ótken.Tiykarınan terme-tolǵawlar hám naqıl-maqallar tili ushın ortaq bolıp keletuǵın paremiyalardı mısallar tiykarında kórsetip ótken. Hárqanday dóretpeniń insan júregine jetip barıwında, sol ortalıqtıń pafosın beriwinde sóz qorınıń baylıǵı úlken áhmiyetke iye. Bunda, álbette, kórkemlew quralları názerde tutılıp atır. Tildegi kórkemlew quralları eki túrli: leksikalıq hám sintaksislik. Leksikalıq kórkemlew quralları ***troplar*** dep ataladı.Sintaksislik kórkemlew quralların stilistikalıq figuralar kiredi. Troplar – bir sózdiń ayırım kontekstlerde óziniń tiykarǵı tuwra mánisinen basqasha awıspalı mánide qollanılıwı. Troplarǵa metafora, metonimiya, sinekdoxa, epitet, teńew, giperbola, litota, allegoriya, janlandırıw, perifraza kiredi.

Biz bul maqalamızda termelerde qollanılǵan teńewler haqqında aytıp ótpekshimiz. Teńewler hár tárepleme tolıq izertlengen troptıń túri esaplanadı. Qaraqalpaq tilinde lingvistikalıq aspektte teńewler teması arnawlı dissertaciyalıq kólemde professor P.Najimov [2] tárepinen úyrenilgen. Termelerde teńewler qollanılǵanlıǵın tómendegi mısallardan kórsek boladı.Teńewler tiykarınan morfologiyalıq jol menen hám de sintaksislik jol menen payda boladı.

ISSN: 3060-4737 Volume 3, Issue 01 IF(Impact Factor) 10.98 / 2025

***1.Morfologiyalıq jol menen payda bolǵan teńewler.*** Termelerde tiykarınan uqsatıw mánisindegi teńewler belgili orın tutadı.Onda tómendegishe –day, -dey, -tay, -tey quramlı teńewler jiyi ushırasadı. Mısalı: Jaqsınıń barsań qasına beri kel dep shaqırar, Jamannıń barsań qasına ash ***jolbarıstay*** aqırar [3,49]. On bes degen jasım-ay, Kókte oynaǵan ***ılaqtay,*** Jigirma degen jasım-ay, Kólge pitken ***quwraqtay,*** Otız degen jasım-ay, Tawdan aqqan ***bulaqtay,*** Qırıq degen jasım-ay, Baylawlı turǵan ***boz attay*** [3,234]. Abadanı jıǵılsa, Bassız qalǵan alaman, ***Ash bóridey*** ulısıp,Izi aylanıp qor bolar [3,200]. Sanı qara ***kópshiktey***, Tanawları ***shapshaqtay***, Omırawı ***esiktey***, Turpatı kelgen ***besiktey***... [3,229]. Qápestegi ***qırǵıyday***, Qıpsıń bolıp júrgenshe, Qarsı kelgen jawlardıń bir shetinen tiyeyin [3,236].

Joqarıdaǵı berilgen birinshi mısalda adam xarakterin ash jolbarıstıń xarakterine teńep kórsetip qoyıptı. Al, ekinshi mısalda bolsa adam óziniń jaslıq shaǵın jas ılaqqa al, jigirma jasın bolsa kóldegi quwraqqa megzetedi, otız jasın bolsa tawdaǵı aǵıp turǵan bulaqqa, qırıq jasın baylawlı turǵan boz atqa megzetedi. Úshinshi berilgen mısalda basınan baxtı tayǵan, tınısh emes xalıqtı, bórilerge uqsatıp, sol haywanlarday shuwlasıp qalatuǵınlıǵın kúshli teńewler járdeminde kórsetip bere alǵan.

Sonı da aytıp ótiwimiz kerek, -day, -dey arqalı jasalǵan barlıq awıspalı mánidegi sózlerdi teńew dep alıp qarawımızǵa bolmaydı. Dáslep,kontekstke qarap alıwımız kerek.

Ulıwmalastırıp aytqanda, xalıq awızeki dóretpeleri ásirler dawamında bizge deyin jetip kelgen biybaha miyrasımız esaplanadı. Al, házirgi waqıtta olardıń tilin hár tárepleme úyreniw arqalı biz sol folklorlıq shıǵarmalar menen jaqınnan tanıs bolamız, sózlik qorımızdı bayıtamız, qaraqalpaq tiliniń ele biz bilmegen táreplerin júzege shıǵaramız, tilden ásirese kórkemlew quralların sheber paydalanıw uqıplıqların ózimizde hám keleshek áwladta payda etiwge úles qosqan bolamız.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. Юсупова Бийбисәнем Турдыбаевна Паремиология қарақалпақ халық нақыл-мақаллары тилиниң лексика-семантикалық ҳәм лексика-тематикалық өзгешеликлери. Монография. –Нөкис «Qaraqalpaqstan» баспасы , 2024.

2. П.Нажимов. Қарақалпақ тилинде теңеўлер. Нөкис. 2014

3. Қарақалпақ фольклоры Көп томлық 88-100-томлар. – Нөкис: «Илим», 2015.

4. П. Нажимов. Қарақалпақ тилинде теңеўлердиң структура-семантикалық өзгешеликлери. Канд.дис. -Нөкис,1994